- Aan** : Iya... Bagaimana mas agus?

Agus : Nuwun sewu bapak -bapak dan ibu - ibu. Saya akan bercerita tentang versi kemunculan reyog ponorogo yang paling valid. lalah versi Ki Surya Ngalam atau biasa dipanggil Ki Ageng Kutu.

Dahulu kala Ki Ageng Kutu merupakan penasihat raja Brawijaya V atau raja majapahit saat itu. Singkat cerita Ki Ageng Kutu dilengserkan dan menduduki wilayah wengker yang sekarang kita kenal sebagai kota ponorogo. setelah menduduki wilayah wengker Ki Ageng Kutu melihat bahwasanya kepemimpinan Raja Brawijaya V menyimpang dari tatanan moral yang berakibat runtuhnya Kerajaan Majapahit. Ki Ageng Kutu tidak tinggal diam dengan membuat sindiran berupa kesenian Reyog yang mempunyai dua simbol utama. Pertama ada kepala harimau atau biasa kita sebut Singo barong sebagai simbol Raja Brawijaya V dan di atasnya ada Dhadhak Merak sebagai simbol Putri Campa.. hal ini menafsirkan bahwa kekuasaan Raja Brawijaya V dikendalikan oleh permaisurinya yaitu putri campa. Kalau kita artikan secara universal dapat diartikan sehebat-hebatnya pria pasti akan tunduk oleh Wanita. Sedangkan kalau kita tarik makna filosofis reyog ke dalam karakter masyarakat ponorogo, makna dari Singo Barong melambangkan keberanian dan ketegasan. Sedangkan Dhadhak Merak mewakili karismatik, dan kewibawaan. Jadi dapat disimpulkan bahwa karakter masyarakat ponorogo itu berwibawa, pemberani dan tegas. Dados ngoten Aan.

Aan : Oh begitu.. jadi...

Bani : Stoppp....! Tak dengarkan daritadi bicaramu ngelantur.. dapet referensi darimana..?!

Agus : Saya itu dapat referensi dari buku sejarah... kok malah dibilang ngawur..! huuu..!!

Aan : Sebentar mas.. jangan marah – marah dulu... ini kan formatnya diskusi. Jadi kalau sampeyan mau berbicara angkat tangan dulu. Perkenalan namanya siapa dan darimana..?

- Bani** : Perkenalkan nama saya ical dari boyolali
- Aan** : Jauh – jauh dari boyolali ke solo mau nonton reyog mas..?
- Bani** : Iya mas. Saya ingin membenarkan versi yang di bicarakan tadi. Jadi Wengker itu kadipaten.. (ucap ke Agus) tapi kebesaran Wengker melebihi kerajaan.. gitu mas.. ! (kembali ke Aan) Versi awal kemunculan Reyog yang saya ketahui merupakan wujud perjanjian perdamaian antara Prabu Brawijaya V, Sunan Kalijaga, dan Kanjeng Ratu Kidul. Isi perjanjiannya adalah mempersatukan nusantara dengan simbol Singo Barong sebagai wujud dari raja – raja nusantara. Diatasnya ada simbol Dhadhak Merak merupakan wujud dari Kanjeng Ratu Kidul. Yang artinya kekuasaan raja – raja nusantara masih dibawah naungan Kanjeng Ratu Kidul. Jangan salah loh.. Di gamelan reyog ada susunannya dan ada artinya.
- Aan** : Ada susunan dan artinya juga..?
- Bani** : Ada tiga rangkaian gendhing. Pertama Kebo Giro memiliki arti bayi dalam kandungan ibu. Kedua Patrajayan yang artinya menuju kesuksesan. Dan yang terakhir Ponoragan adalah mengetahui jati dirinya. Tiga rangkaian gendhing kalau diartikan proses perjalanan manusia dari lahir hingga dewasa dengan bekal ilmu pengetahuan yang banyak sehingga dia dapat mengetahui tentang kelebihan dan kekurangan dirinya sendirinya untuk menemukan titik kejayaannya. Ada juga versi lain dari Gusti Puger bahwa Reyog merupakan perwujudan dari Dewa Wisnu yang turun ke bumi yang dinamakan konsep Awatara Wisnu. Dewa Wisnu turun ke bumi dengan wujud Prabu Nara Singa Murti yang disimbolkan Singo Barong. Simbol Dhadhak merak merupakan wujud dari bulu burung merak yang ada di kepala Dewa Wisnu. Ketika Dewa turun ke bumi diiringi oleh musik yang bernuansa sakral yang sekarang disimbolkan sebagai Gamelan Reyog... Begitu Mas..!

- Aan** : Wahh.. kalau dibayangkan sangat unik sekali...
- Antik** : Hahh... nanti dulu..! Saya mau ngomong versi ba.....
- Aan** : Namanya siapa dan darimana?
- Antik** : Nama saya fitri, dari purbalingga
- Aan** : Oke.. monggo dilanjut mbak
- Antik** : Versi saya itu versi menurut Bathara Katong. Dulu, masyarakat Wengker menganut ajaran Budha, Animisme dan Dinamisme pada saat kepemimpinan Ki Ageng Kutu. Setelah wengker dapat diambil alih oleh Bathara Katong dan berganti nama Pramana Raga dengan ajaran agama Islamnya. Menurut cerita rakyat yang berkembang secara lisan, Pono berarti Wasis, Pinter, Mumpuni, dan Raga artinya Jasmani. Dari sinilah kemudian dikenal nama Ponorogo. Bathara katong menjadi tokoh yang sangat disegani karena telah membawa kejayaan Ponorogo melalui persebaran agama Islam yang juga berdampak pada perluasan wilayah. Salah satu cara penyebaran agama Islam melalui kesenian Reyog dengan cara menggelar pertunjukan untuk mengundang masa yang banyak. Setelah pertunjukan selesai diadakan pengajian sebagai sarana syiar agama islam. Dulunya, kesenian reyog menjadi seni perlawanan masyarakat Ponorogo mulai dirubah dengan menampilkan cerita fiktif tentang Kerajaan Bantarangin sebagai sejarah Reyog Ponorogo. Penambahan ornamen manik – manik pada bagian mulut cuhung merupakan pesan kepada kita sebagai manusia agar senantiasa bertasbih dan ingat kepada Allah SWT. Cara ini turun temurun dilakukan para punggawa dan anak cucu Bathara Katong yang mendirikan pesantren – pesantren sebagai pusat pengembangan agama Islam. Jadi versi saya yang paling Bener
- Saipul** : Nah.. itu versi yang bener... bener – bener salah. Daripada ribut, mending tak benarkan menurut versi saya.

- Aan** : Bentar mas.. nama...?
- Saipul** : Hop... Saya sudah faham. Saya saipul dari Banyuwangi
- Aan** : Lanjut mas..
- Saipul** : Kemunculan Reyog Ponorogo merujuk pada kepercayaan animism dan dinamism. Sebenarnya asal muasal munculnya reyog ponorogo merupakan pemikiran seniman terdahulu yang terinspirasi dari hutan belantara. Seniman itu mengambil dua hewan yaitu harimau dan merak sebagai simbolik kehidupan. Dua hewan itu menyimbolkan kewibawaan, ketegasan, karismatik dan keindahan. Akhirnya dua hewan itu digabungkan menjadi satu... harimau dan merak... jadilah barongan. Barongan sendiri sudah ada dari zaman dahulu sebagai mediasi upacara adat. Masyarakat pada zaman itu percaya bahwa roh hewan yang telah mati dapat dipanggil kembali sebagai pelindung dari marabahaya, mengusir roh – roh jahat dan juga dapat memberikan keselamatan. Dengan seiring perkembangan zaman, barongan kemudian berkembang menjadi sebuah tarian yang Namanya Reyog. Dalam bahasa jawa, barongan merupakan rumpun pohon bambu. Jika terkena angin akan berbunyi reyeg.. riyeg”. Lah... dari situlah nama Reyog itu muncul..!!
- Aan.** : Oh begitu..
- Silvy** : Sebetar...! Dari berbagai versi yang dijelaskan gak ada yang bener..! aku ngerungokno teko kono ki.. wong” kabeh sing jelasno ki mau raono sing bener lho mas.
- Aan** : Lho.. gak ada yang bener..?
- Silvy** : Versiku.. versi Bantarngin mas..!
- Aan** : Tapi perkenalan dulu..
- Silvy** : Nama saya silvy mas. Asal dari Bojonegoro.

- Aan** : Seperti apa versi Bantarangin?
- Silvy** : Zaman dulu ada kerajaan yang bernama Bantarangin yang dipimpin Prabu Klana Sewanda. Pada malam hari Prabu Klana bermimpi bertemu dengan Dewi Songgolangit dari Kediri dan ingin meminangnya. Kemudian Prabu Klana Sewandana mengutus patihnya Bujang Ganong untuk melamar. Sesampainya di Kediri dan bertemu Prabu kertajaya, ia diberikan tiga syarat yang sangat sulit. Syarat pertama membuat seperangkat gamelan yang belum pernah ada di nusantara. Syarat kedua membawa berbagai macam hewan untuk dimasukkan di kebun binatang kerajaan Kediri. Yang terakhir ini syarat yang paling sulit... manusia berkepala harimau... mendengar syarat itu, bujang ganong dengan sigap menyiapkan dua syarat. Dan syarat yang terakhir dicari pada saat perjalanan menuju kerajaan Kediri. Di tengah perjalanan, tiba-tiba rombongan Prabu Klana dihadang oleh Singa Lodro yaitu manusia berkepala harimau penguasa Lodaya. Peperangan pu pecah dan dimenangkan oleh Prabu Klana Sewandana dengan pusaka Pecut Samandiman. Syarat terakhir pun terpenuhi.. perjalanan berlanjut dengan iringan gamelan. Pada saat itu juga kepala Singa Lodro di hinggapi seekor burung merak yang mengkipaskan ekornya. Cerita inilah yang menjadi asal muasal Reyog Ponorogo..!
- Aan** : Wah menarik... menarik sekali. Ternyata ada banyak versi dan berbeda beda isianya... Tapi.. mana yang benar. Itulah...
- Agus** : Kalo saya, versi saya yang benar kalau pendapatku. Soalnya ini aku baca beberapa kali, dan saya coba merenungkan bahwa ini sangat relevan karena memang pada waktu Brawijaya ke 5 terjadi banyak konflik yang membuat kekecewaan banyak orang.
- Silvy** : Tidak bisa mas..! versi saya barusan yang paling bener.. wong saya tahu sendiri kalua ada ritus bantarangin.

- Bani** : Gak isa.. sing bener ki yo nggonanku.. Kalo kaliyan pernah lihat Mahabarata, Dewa Wisnu sang penguasa semesta itu identik menggunkana bulu Burung Merak.
- Saipul** : Sing bener panggah gonaku... merga Masyarakat waktu itu, masih percaya dengan alam mas.
- Antika** : Jangan kayak gitu..! versi saya yang paling benar.. versi Bathara Katong.. sebab reyog ponorogo merupakan mediasi penyebaran agama islam mas.
- Aan** : Kosik to.. kosik.. ini semua kalau tak logika ada memang ada benarnya...
- Semua** : **(meyakinkan penonton lain)** Lho yang benar saya,, saya yang benar... nggak bisa aku yang benar... Dsb **(Musik sampak naik)**

BABAK 2

- Mas Danar** : Hoe.. **(Semuanya Hening)** cangkeme ngablak... bengak – bengok sakarepe dewe. Dho mudeng ora lek enek wong arep dungakne leluhur..!?. Blass gak isa ngajeni karo wong liyo.. ndologok jaran. **(menyiapkan ubo rampe sesaji untuk berdoa dan penonton digiring ke panggung kedua)**
(Solah Dhadhak Merak)
Hahhh... kedudut rasaku anggonku manekung. nganthi nyolahke solah singa barang dhadhak merak. para pelaku seniman neglingono.. ritual kuwi penting dinggo dungakne para leluhur sing wis nguri – nguri kabudayan khusus kesenian Reyog iki, Konjuk wonten ngarsaning Gusti Allah ben supaya para leluhur tentrem ing kasuwargan jati lan kesenian Reyog bisa terus ngrembaka...dudu musrik.. kabeh iki gumantung niate. Dunga iki mau dinggo ngopeni sarana spiritualis ben supaya kesenian Reyog iki mau

kajen. Ora mung angger pentas yen wis bar mung brak bruk tok.. ora ngajeni jenenge.. kamangka kesenian Reyog iki karyane leluhur sing adi luhung lan bisa dinggo pangupa jiwane sedulur Reyog kabeh.

Ana unen – unen ajining raga saka busana. Kesenian Reyog iki dadi busanane seniman Reyog. Yen busanane rusak mesthine ajine iki mudhun.. kudune di dandani busanane supaya ajine raga isa mundhak.

Lha yo... Cah – cah sing ning ngarepan kae mau podho ngerembuk maneka warnane versi Reyog ..oyo didadekne masalah.. mbok ben e... Ning jawa kuwi sejarah seakan akan disembunyikan karo para pujangga. Akehing versi kuwi mau dadi pratanda yen wong jawa sugih tafsir, interpretasi lan sanggit supayane kesenian Reyog isa berkembang. Umpama Reyog ora ana warok, ora ana jathil, ganong, klana jik iso diarani Reyog. Ning yen ora ana Singa Barong karo Dhadhak Merak ora isa diarani Reyog.

Sampeyan kabeh ki ngerti ora yen gawe Singa Barong karo Dhadhak Merak ora isa didadak.. butuh proses sing suwe..merga leluhur wes diitung lan dipitung. Tegese diitung kuwi nyepakne materiale koyo to pring, benang, rotan, wulu merak, kayu, kulit, gubat lan sak piturute. Lah tegese dipitung kuwi krana keseimbangan. Yo dipitung gedhe cilike, duwur cendake, ombo sempite ben ora junjing. Lek ora percaya tak duduhi..

(mengambi rengkek) Iki ngono sing jenenge rengkek. Wilah pring rodo kandel sing ditata iki jenenge under.. under tengah Iki menungsa. Under sisih kiwa tengen iki pralambange Pancasila lan agama sing dadi gondelane

menungsa. yen pring sing ukurane lembut – lembut tur cacahé akeh jenenge ruji. Kuwi gambaran seko sandangane menungsa yo kui pengalaman seko permasalahaning urip. Antarane under karo ruji kudu ditali nganggo cara tapak dara. Tegese antarane gegondelane urip karo pengalaman isoh dadi siji ben jejeg.. ora miyuh kiwo tengen. Bagian ngisor sing bentuke lengkung jenenge plengkeran. Ibarate Menungso kuwi kudu nduwene luwes utawa bijaksana ning urip sing dadi pondasine. Bagiang ngisor dewe jenenge dhaplangan. Dhaplangan kuwi manggone sisih kiwa lan tengen kui penggambaran seko dualism. Ning dunya kuwi isine dualisme. Ana kiwa tengen, nduwur ngisor, awan bengi, lanang karo wadon. Nek rengkek kuwi mau wis dadi banjur ditemplekki wulu merak ben dadi Dhadhak Merak, sing bagian plengkeran dipasang cekathakan utawa Singa Barong. Dhadhak Merak kuwi wujud seko kaendahan lan kawicaksanan. Lha.. Singa Barong kuwi wujud seko kekuasaan lan kekuatan. Wis mudeng kabeh to?... yowis iki tak ulehne. **(mengembalikan rengkek)**.. mula kabeh ngono ana maknane.

(masuk penari dhadhak dan dua penari sebagai simbol dualisme)Dhadhak Merak karo singa barong yen dadi siji kuwi enek simbole. Simbol kaendahan seko wulu merak. wujud kekuatan kuwi seko ndas macan. **(Suara pecut terdengar sembari masuknya pemecut di panggung)** Tegese kabeh yen gur kekuatan to kora enek kawicaksanan utawa kaendahane ora bakal isa dadi siji.. bakale pecah dadi congkrah... Mula ning dunya kuwi anane mung loro.. dualisme.. ana awan ana bengi, ana tengen ana kiwa, ana nduwur ana ngisor, ana lanang ana

wadon. Mula aja sewiyah - wiyah wong lanang karo wong wadon. Semono uga wong wadon aja gampangke marang wong lanang.. kabeh kudu harmonis.. kabeh kudu seimbang. **(suara pecut semakin intens).**

Thomas : Ah.... **(diam kaku)**

Agus : **(Melihat dari kejauhan)** Mas.. Thomas.... Ana apa?.. he!!.. mas.. elingo anak karo bojomu kuwi lho.. thomass!!

Thomas : Songgolangit...**(Para penari keluar panggung)**

Agus : We.. cah.. riniol!!

Warok : Ana apa pak?

Agus : Iki lho Thomas.. gotongen wae.

Warok : Heh.. ayo. Digotong wae.

Agus : **(mas danar kiprah, transisi untuk keluar)..** halah apa maneh iki..!

Setelah thomas dan mas danar keluar panggung. Agus diam termenung menyaksikan keadaan kesurupan.

BABAK 3

Agus : **(Diam dan heran melihat keadaan yang baru saja terjadi)**
Hmmm... kok yo enek kedadean aneh iki mau ngopo to yo...?! Jane mung dolanan pecut lho ki mau. **(melihat sekitar)** Beh.. aja – aja ning kene angker..? opo danyange lagek nesu merga ora di wehi sesajen..?! ora.. lek diomongi angker yo ora jumbuh, sebab aku urip ning kene yo wis suwe tur ora ana kedadean apa – apa. Lek tak gagas sumber perkarane terletak di kekuatan pikiran sehingga pikiran membentuk imajinasi seolah – olah dirinya menjadi sosok lain. Ketoke Thomas bayangke dadi Klana yang mengejar cintanya yaitu dewi songgolangit.... Kuwi ngono contoh wong tergila gila akan

cinta... Jenenge wae wong lagek kedanan tresna ya ngono kuwi. Sithik – sithik mesti bayangke wajahe. Yen lagi madang, numpak motor, apa maneh yen ameh turu.... Biyuhh... mesti kebayang bayang. Asline iki dewi songglangit kuwi mung simbol. Songgo kuwi lak menyangga atau menjunjung. Sedangkan langgit kuwi manggone ning nduwur. Tegese dewi songgolangit kuwi mung simbol dari jagad raya.. ibu pertiwi... Merga Bumi pertiwi kuwi endah.. Lha..Gathukane karo wong wedok. hah.. urip kok ribet men.. wong koyo Thomas ngono kuwi ora pantes dadi contoh yang baik. Sing ditiru ki koyo aku ngene ki lho...

- Antika** : **(Dari dalam rumah)** Halah.. pret pak...! Sing di tiru ki apane?
- Agus** : Cara menikmati hidup... logikane yen urip iki kudu selalu Bahagia. Sesimpel ngono kuwi lho
- Antika** : Sampeyan iki ngelantur...! gaweanmu yen awan iki mancing, yen bengi mendem. Ndadak ngomongke logika
- Agus** : Ngene lho buk... Mendem kuwi salah satu sarana untuk mencapai kebahagiaan.... Ngomong iki mau berdasarkan pikiran loh... Dadi logis lehku ngomong.
- Antika** : Yen nganggo logika kudune sampeyan golek gawean kono lho..!
- Agus** : Sing tenang ngono lho.. bariki kancaku teko ngerembug bab gawean. Nek ngono.. njaluk tolong gawekne wedang teh manis 2 ya..
- Antika** : Sijine ra nganggo gula..
- Agus** : Lha ngopo..?
- Antika** : Gulane entek..!
- Agus** : Hmm.. paitan neh.. mosok aku sing njaluk mesthi di wehi sing pait.. Mbok sesekali Ginastel... di gawekno sing
- Antika** : Opo kuwi pak..?
- Agus** : Legi, panas, tur kentel... ben urip ku melu enek manis – manise buk.

- Silvy** : **(Datang anak sambil berteriak memanggil dari kejauhan)** Pakk...!
- Agus** : Lha iki... mesthi anakku wedok.. wis apal saka suarane. Mesthi arep njaluk duwit.
- Silvy** : **(Masuk kedalam panggung)** Pak..! bapakk...
- Agus** : Lha rak tenan to... wis hop bapak wis ngerti. arep njaluk duwit to...? Nggo apa?
- Silvy** : njajan to pak.
- Agus** : Jajan kok terus... njaluk piro?
- Silvy** : 10 rb pak
- Agus** : Akeh banget to..?!
- Silvy** : Genah no pak.. jajan yen mung 2 ewu mung entuk telur gulung siji... Jajan ki yo butuh ngombe pak. Yen mung madang ra nganggo ngombe mengko kesereten piye..?
- Agus** : Bocah pintere ra umum yen wangsulan ki jane nurun sopo ngono lho..
- Silvy** : Yo nurun sampeyan to pak.. anggere sampeyan lek ngomong kan kudu logis.
- Agus** : Senjata makan tuan yen ngene ki. ngene lho nduk...Bapak arep ngomong..
- Silvy** : Nopo melih pak..?
- Agus** : Yen manganmu akeh ora apik dinggo kesehatanmu.. apa maneh jajan sing akeh minyake kuwi ra sehat.. mengko menimbulkan penumpukan lemak.
- Silvy** : Yo olahraga to pak ben sehat.. wong yo aku saiki ajar joget jathil ben dino, mesthi keringeten angger latihan.. dadi pas yen jajanku akeh merga tenaga yang keluar juga besar pas latihan pak.
- Agus** : Hmmm... Opo yo ngono.. krungu – krungu yen awakmu pas latihan ra sregep...? Bapak dikandani bu Zahra yen Kanca – kancamu dho

latihan tenanan malah mbok tinggal jajan. Dadi...Sinau joget iki penting ben suk mben e awakmu isa dadi penari sing apik.. bapak isa kepincut karo ibumu ki yo merga joget e apik tur ayu... Ibumu tak ibaratke podho koyok dhadhak merak kae lho ndhuk. **(senyum tipis)**

Antika

Gombal... ! **(suara dari dalam)**

Silvy

: Pak.. sidane diparingi duwit nopo mboten.. ? selak bakule lunga pak.

Agus

: Wo.... Bocah yen enek wong tuwo ngandani ora dirungokne..!

Silvy

: Lha pripun to pak.. Sampeyan niki malah curhat lho pak..

Agus

: Ndhuk.. Wong tuwo omongan ki ngandani kowe ben ora salah dalane. Supaya kowe ngerti ndi sing bener lan sing ora. Dadi pikirane ora ning jajan tok.

Silvy

: Inggih pak... ! pundi duwite...?! Bakule selak lunga

Agus

: Hmm... nyoh dhuk **(memberikan uang 5 rb).**

Silvy

: **(kaget)** Masyaallah pak.. cuma segini pak..? tiwas kula ngerungokne tenanan ben supayane ditambahi.. lha kok ora..!

Agus

: Wis diwehi malah ora matur nuwun ki piye to ndhuk..?

Silvy

: Nggih pun.. maturnuwun..! **(pergi dengan raut wajah marah)**

Aan

: **(berpapasan sambil bertanya)** Weh... arep ning ndi ndhuk?

Silvy

: Tumbas jajan.. !

Aan

: Anakmu bar mbok kapakne..?

Agus

: Ceritane iki mau ngene...anakku arep njaluk duwit dinggo jajan. Ning tak kandani yen aja kakean jajan... Merga aku di kabari yu zahra yen anakku kuwi ora sregep latihan njoget.... Sebagai bapak yang baik mestine ngandani anake ben ora ke blinger.

Aan

: Kowe kuwi ngandani utawa pancen ra gelem ngewehi duwit.. ? beda tipis lho..

- Agus** : Ya ora to.. yen dinggo anakku mesti opo wae tak wehno. Ning kan ngerti dewe keadaanku yen rung karuan cekelan duwit. Sebagai sahabat lakyo ngerti to..?
- Aan** : Ngerti banget.. ngerti yen awakmu kuwi wong sing ra gelem berusaha utawa mbudidaya.
- Agus** : Lho... kuwi salah (**menyangkal omongan**). Sing bener nadyan aku pengangguran ning Bahagia.
- Aan** : Ora ngono to... Urip kuwi kudu mbudidaya golek duit merga realitas sekarang itu semua nganggone duit ... wong nganggur kok Bahagia.
- Agus** : Nyatane aku isa urip ngasih duwe omah.. butuh mangan wis dicepakne karo bojoku... anakku isa sekolah... Alat reyog yo wis duwe. Hasil seka reyogan Isa dinggo tambah tambahan.
- Aan** : Wong yen pikirane ora bener ya ngene iki.. urip isine mung melumahke tangan .. kuwi jenenge wong pasrah marang kahanan.. kudu mbudidaya.. golek gawean sing mengkone bisa ngasilke. Kowe apa ora isin yen uripmu sarwo jagakne
- Agus** : Ora jagakne... iki ngono jenenge wis kalimpahan wahyu saka gusti Allah.
- Aan** : Tak kandani.. wong urip diparingi akal karo raga dinggo usaha.. dinggo mergawe. Lek kowe mung jagakne Reyogmu sok kadang raenek tanggapan. Sesasi wae urung mesthi enek siji.. kae lho.. anak buahmu ana sing dadi tukang, ana sing dadi laden, ana sing ngojek, ana sing dodol. Kae podho mbudidaya dinggo uripe.
- Agus** : Lha aku sing ra duwe gawean apa – apa iso dadi juragan reyog... kuwi diarani wong sing kadunungan wahyu... Ngerti po ora..?
- Aan** : Kumalungkung kowe.. peh rumangsa dadi juragan Reyog, ning Reyog dewe ora mbok openi.. Sok mben e yen Reyogmu kuwi rusak apa ora didandani..? lha yo ragat to..? kuwi yo nganggo duit.... Kowe yo mikiro keluargamu.. ragat anakmu sekolah, blanja ben dinane bojomu sing nyepakne dinggo mangan. Kudune mikir kok isa bojomu

nyepaki madang karo ngeragati sekolah anakmu nganggo opo..? nganggo cara piye..?

Agus : Pikir kerii.. sing penting penting kan isa urip.. awakmu ngandani perkara keluarga ning nyatane yo urung duwe pasangan. Duwit hasil kerjamu mbok nggo apa..?

Aan : Jodoh, pati, rejeki wis ginaris... Mbok menawa aku urung duwe jodoh, ning aku iseh gelem usaha nyambut gawe. Hasil seko jerih payahku bakal tak celengi... Saumpamane aku saiki rung duwe pasangan. Celenganku bakal tak nggo ndandani barang sing dadi pangupa jiwaku.. yo Reyog iki.. sing saben dinane ngancani ngalor ngidul dinggo golek rezeki tetep terawat dan terjaga ben wong sing nanggap awakdewe tidak kecewa. Ana unen – unen “ajining raga saka busana”. Nah yen barang sing dinggo awakdewe apik mestine ajine awakdewe melu mundak.. ora mung dijarke dedel duwel koyok ngene iki. Kin... seniman kuwi koyok wong tetanduran. Nek tetanduran kuwi kulina dirabuk, disirami ben dino, mesthine bakal winih... sok mben e bakal panen... Lha iki arep panen teko ngendi? Barangmu rusak kabeh kok. Urip kuwi mesti ana sambung rapete..

Agus : Konsep piye neh iki... ra logis blas..

Aan : Tak takon... Umpamane kowe pengen ndandani Reyogmu sing wis rusak tanpa ngetokne ragat isa ora ?.

Agus : Ora no..

Aan : Otak pasif yo ngene ki.. ke set tur egois kowe.. carane gampang.... Srawung karo tangga teparuh ben supaya isa akrab koyok sedulur. Yen wis sedulur kowe njaluk tolong apa bakal ditulungi... njaluk tolong ndandani Reyogmu mesthi gelem ngewangi.. mula kudu ajur ajer yen srawung karo tangga.. iki ngono berdasarkan pengalamanku.

Agus : Opo neh iki... Rembukane soyo suwe soyo ngalor ngidul... ora terarah.. iki mau aku ora buka omongan bab urip.

- Aan** : Lha piye..? Aku nyawang anakmu mesakne lho.. Gara – gara dewek mung pengen jajan wae kowe ngandani hal sing ra penting ben supaya anakmu ra jajan terus.. duwitmu aman.. **(merasa perutnya mual)** Wis.. omongan karo kowe mbulet wae... dadi kebelet.. tak ning kamar mandi..
- Agus** : **(bergumam sendiri)** Mula to ora perlu omongan sing ra penting.. wong urip – uripku dewe malah dikandani.. uripku ku ki wes bacut kepenak dadi yen kuwi ra menguntungkan ora tak nggo.
- Antika** : Lha ndi kancamu pak...? **(menaruh minuman)**
- Agus** : Kae.. Ning kamar mandi.. jarene kebelet gara – gara omongan karo aku.
- Antika** : Lha nyatane ngono lho.. aku omongan karo sampeyan wae isine mung udur – uduran.
- Agus** : **(minum teh)** Beh.. rasane paite ra umum... lha gulane ning ndi?
- Antika** : Merga gulane entek... anane mung banyu panas, teh e sing kentel.
- Agus** : Yo ora ngono kuwi to.. mbok tuku gula disek..
- Antika** : Sing dinggo tuku iki opo..?
- Agus** : Lha yo duwit to..? mosok yo godong.
- Antika** : Aku wae urung mbok blanja lho... duwit e wis ngepres. Tak kandani yo pak.. ben dino aku yo ngewangi sampeyan dinggo mencukupi kebutuhane keluargane awakdewe... ngasih aku ngewangi ibu masak dinggo cathering karo buka laundry ben anake awakdewe ora ngerasakne rekasane urip.
- Agus** : Lah yo wis mestine to... kuwi tanggungjawabe awakdewe sebagai orang tua.
- Antika** : **(Tersinggung karena merasa suaminya tidak melakukan apa-apa)** Opo pak...?! Awakdewe..?! Sampeyan ki mbok yo usaha golek gawean ora mung jagakne tok. Kudune ki sebagai kepala rumah

tangga wajibnya menyenangkan istrinya. Ditukokne emas utawa dibelanjakne apa ngono lho

Agus : Yo kuwi sok mben wae.. sing paling mendasar ning urip ki opo to..? kebahagiaan to..? aku entuk kowe iki wis Bahagia dengan cinta yang mendalam.

Antika : **(merasa kesal)** Cinta iki perlu pak.. ben dinggo jaga keharmonisan rumah tangga. Ning yen kahanane koyok ngene apa ya arep dipakani cinta to pak..?! ragat sekolah anak apa ya iso di bayar nganggo cinta..?! mosok sampeyan gak terbesit golek gawean pak..? saking tresnaku karo sampeyan ngasih aku berusaha golek duit ben isa nabung kanggo nyukupi kebutuhan mas. Ora mung cinta tok..

Agus : Ning kan aku cinta karo kowe lho...!

Antika : Mbok yo nganggo nalar ngono lho pak.. awakdewe wis omah – omahan sing dipikirne ki ora mung cinta – cinta terus. Kuwi wis keliwat pak... sing dipikir ki biaya sekolah, biaya suku sembako, bayar listrik, bayar banyu, bayar pajak motor kuwi kabeh nganggo duwit pak....!!

Agus : **(Tersinggung)** Kok malah saya nerunyak to omonganmu?.. aku wong lanang, kowe wong wedok. Aku kuwi sing mimpin kowe. Ning caramu ngomong koyok ngene, tegese kowe wis wani karo aku. Ngerti ora..?! Kowe wong wedok sing tak tenani, ning kowe malah wani karo aku.

Antika : pak.. mbok pikir aku ra tresna karo sampeyan..?! saiki tresnaku ora mung ning sampeyan tok.. tapi ning keluargane awakdewe..! mbok ojo egois mikirke kesenanganmu dewe. Mikir masa depane keluarga yo penting...!! Kaya ngene iki masih meragukan kesetianku mas..?!

Agus : Umpama yen ra betah.. ngaleh saka kene..!!

Antika : Oh.. sampeyan nantang aku pak..!! sampeyan pengen ngerti yen aku isa nekat..?!

- Agus** : Ayo.. buktekno..!!
- Antika** : Oh ngono..!! pancen sampeyan wis ora tresna karo aku pak... Aku minggat..!!! urusono uripmu dewe..!!
- Aan** : **(keluar dari kamar mandi karena mendengar suara ribut)** Kosikk...wis mandek disek.. aku krungu kabeh perkaramu saka njero kana. Perkara iki kudu dirampungke kanthi pikiran sing bening tur ati sing adem.. ora nganggo emosi koyok ngono kuwi. Malah akan memperburuk keadaan. **(menghentikan antika)** Mbak.. sampeyan ning kene wae rasah nekat minggat, mengko anakmu spo sing ngurus.. **(menuding agus)** Kowe yo ngono kin.. kudune sebagai kepala keluarga iso mimpin sing bener ora kok malah dadi geger gedhen ngene. Jaremu cinta banget karo bojomu.. mengko yen ditinggal tenanan kowe nangis tur gelo.. kabeh pilihan mesthi enek konsekuensine dewe – dewe. tak kandani yo.. wong wedok kuwi sebagai perhiasan dan salah satu keindahan di dunia... Kudu diajeni.. wong wedok kuwi yo nduweni ati. Aja sampek awakmu nyio – nyio lan gawe gelane... Rumangsanono yen sing kedanan tresna ki kowe nalika jaman semana... urip kuwi butuh perjuangan.. Kowe tak ibaratno koyo Klana Sewandana sing tresna karo dewi Songgolangit... Butuh perjuangan sing gedhe. Senadyan abot koyo ngopo, bakal dilakoni... dadi cerita reyog kuwi isa digawe pembelajarane uripmu... saiki tak takon.. kowe iseh cinta karo bojomu..?!
- Agus** : Iseh cinta.
- Aan** : Yen kowe piye mbak..?
- Antika** : Aku yo cinta karo bojoku.. ning yen omongane...
- Aan** : **(menyela)** Wis hop.. ndak malah dadi gegeran.. tak kandani maneh... Reyog isa dinggo pelajaran urip. Singa barong manggone ning ngarep kuwi wujud pemberani, gedhe tur gagah. Ning

sawangen... ning mburine ana kaendahane seko merak sing digambarke sebagai Wanita. Dadi sak kendel – kendele, sak nekat – nekate wong lanang yen ora ana wadon ning mburine ora bakal ana sing damping.. ora ana sing ngontrol. Koyo kowe saiki sing lagi kelangan pawang. Mudeng ora..? Nek iseh tresna kuwi butuh perjuangan lan pengorbanan. Kudune mbok bujung sembari kowe ndandani awakmu. Mengetahui kabeh kekurangan dan kelebihan dirimu sendiri ben dadi Pono ragamu kuwi.

Agus : **(menyadari kesalahan)** Tak rungok - rungokne omonganmu.. kabeh bener.. aku sing salah.. aku pemimpine keluarga kudune isa ngandani lan dadi contoh sing apik. Aku ngakoni salah

Aan : Kudune koyo ngono kuwi... sebagai wong lanang ki wani ngakoni kesalahan lan njaluk ngapura.

Agus : Iyo bener... **(meminta maaf kepada istri dengan rasa malu)** Buk.. aku ngakoni salah.. anggonku urip ra mikirke kiwo tengen, ora mikir masa depan. sing tak piker mung awakku dewe.. aku kudu berubah supaya keluargane awakdewe isa rukun, isa harmonis. Merga yen ora enek kowe ra bakal aku iso urip nganthi saiki.. kowe katresnan sejatiku.. kowe tak ibaratke perhiasaan masa depanku.

Antika : Inggih pak.. aku yo ngakoni salah.. kudune sebagai istri isa jaga omongan sing apik.. ora gawe larane atimu mas.

Aan : Ngene iki yen disawang marai ayem..

Agus : Buk...

Antika : Pak.. **(mau berpelukan, tiba – tiba datang anaknya)**

Silvy : **(Kaget)** Lho pak.. buk... apa ini..? aku masih kecil.

Agus : Ora yo ndhuk.. iki mau bapak karo ibumu lagek rembukan. Dadi aja mikir sing aneh – aneh... Wis ngene wae. Ketoke mau si Thomas karo liyane wis mari. Apike dikumpulke dadi siji ning kene **(Memanggil anak buahe yang latihan)**. Cah.. podho rene...

Semua : Inggih pak..

Agus : Iki mau lak podho latihan... saiki dibacutno anggone latihan. Merga kuwi salah siji cara ben jaga kesenian reyog iki mau tetep gayeng... tetep regeng.. seniman kuwi wajib mbudidaya ben supaya kesenian berkembang.. khusus kesenian reyog iki.. Kesenian Reyog kuwi salah satu kesenian sing Adi Luhung.. bakal urip terus saklawae.. dadi..aku njaluk tolong kowe kabeh podho nguri – uri kesenian reyog ben isa tetep urip lan lestari. Setuju ora?.

Semua : Setuju pak..

Agus : Yowiss.. dilanjutno sing podho latihan iki mau.. Ayo podho nyawiji dadi siji ngerembakakne paguyuban dewe... yo paguyuban Reyog Singa Bhirowo...!!

